

# ZENSÈL LANMOU



Lòsyè mo # 1

## **GWOUPE FLÈ AK PWEZI**

Sou direksyon Jean Verdin JEUDI (TOLI)

4 Dawou 2016

[1]

*Lè mo ak mo kole tèt, tout lide vin lejè tankou pay ».*

Zensèl lanmou se yon inisyativ yon ansanm ekriven ki nan yon gwoup literè ki rele « flè ak pwezi ». ekriven sa a yo gaye nan tout kwen peyi a, pifò nan yo pa janm kwaze fas a fas. Yo pati ak lide pwezi kapab envante pwòp mond pa li pandan li ap eksplwate materyèl le-gzistans powèt la.

Konstriksyon sa a fèt apati yon retay pwezi nou seleksyone nan piblikasyon ekriven yo fè sou gwoup la, ki an kreyòl epi ki pale de lanmou. Se yon fason pou nou souliye pou lektè yo, yo dwe konsidere chak ti moso tèks kòm yon sengilarite ki marande ansanm pou konstwi totalite zèv la.

Jean Verdin JEUDI

Ou pòtre lalin  
Ki jouke douvanjou  
K ap fè je sole  
Fè Jalouzman

Si chak grenn mo  
Ki tradui bote  
Te ka pale  
Pòtre w t ap yon liv  
Ki chaje  
Ak tout kalte pawòl  
Ki pou fè Bondye  
Chanje sèks

Marckenson Mathurin (Marc Louverture

Cheri

Depi m wè lèv ou  
Krache  
Plen bouch mwen  
Vini nou neye tan an  
Nan yon sousad

Depi m wè bouch ou  
Lang mwen pa konn  
Sou ki dan poul chita  
Vini non  
Vini n fè yon kachkouch  
Ak yon grenn sirèt

Tilus Stevenson & Ganaël Esprit-Saint

Map file bèlte w  
Latranblann  
Pran m tout nan dwèt  
Epi m ap jofre  
Nòs mwen avè w  
Sou fil yon rèv  
San lin-de-myèl..

R. Deewoy Desrosiers (Deewoy)

*Tonnè boule m*

*Jou m jwenn*

*De fanm tankou w*

*M'ap pran kriye*

*Pou tantasyon sote tèt mwen*

Christopher Jasmin (Né d'hier)

Nan ale vini lan nwit  
Nan tou somèy  
Mwen kwaze lalin  
kap goumen ak soléy  
Fè nwa pete je m pou m pa wè  
Jan pye lalin lejè  
Li ka koupe jouk li kase bajoul

Witchel Azor (Chelot)

*Vlope kè m nan tche wòb ou*

*Pou swè kò w*

*Gwosi lanmou m*

Jean Verdin Jeudi (Toli)





*Bèlte w kreve je douvanjou*

*Pa di m devègonde*

*Si zetwal yo depoze m*

*Devandèyè sou tèt d'jyòl ou.*

*Si santiman m ta mare*

*Nan kòd lonbrit ou.*

Selmy Accilien (Seldjy)

Cheri

Padone m

Si w wè beze m pa mouye

Pa kite jalouzi sivoke w

Se pa lòt bouch ki prije l

Tout dlo nan djòl mwen

Pase nan benyen

Timoun nan lari

Jean Verdin Jeudi (Toli)

Pa kite m

Pou nyaj yo pa fonn  
Sou tèt lanmou nou  
Syèl la pot koulè nwa pou nou  
Se moman pou n koze

Ti lezanj mwen an  
Pa kite nou mache lèd  
Se nou de ki sou yon chimen  
Pito n pran l a kat pat  
Olye nou mache bwate  
Lespwa lemonn  
Se anba po vant ou  
Pou nou mete l

Christopher Jasmin (Né d'hier)

Tanpèt soufle  
Krapo gonfle  
Lanmè voye lam  
Pousyè leve  
Krab chache  
Tou l  
Tòti antre tèt li

Tanpèt  
Trennen  
Lanmou nan  
2 kè ki renmen  
Li charye ti pou l  
Al nan bouch Malfini

Wadson Arisma

Se nan pwèl je w  
Mwen pann lavni m  
Pa bat po je w fò  
Pou pye lanmou m pa glise.

Jean Verdin Jeudi (Toli)

Vwa w dous  
Manvi goute l  
Ban m fè yon souse  
Jouskaske m vale  
Bwat zaparèy vwa w  
Konsa m va mouri  
Ak yon boul sik  
Sou ti bout kè m

Mendiny JOSEPH (Larime tète Flute)

Mwen Pra l rasanble  
Tout grenn  
Nan flè souri w  
Pou m fè yon chaplè  
Sere lonbraj ou byen fon  
Nan tche wòb mwen  
Pou lè w ale  
M a fè yon pwezi serenad  
Bay kap mwen van  
Jouktan n al kwoke  
Nan machwè lalin

Saphire Moïse S. (Sassou)

Lè m nan bra w  
Kè m debraye  
Souri m jouke m  
Nan do lanmò  
Mwen damou lavi  
Malgre m konnen li se rizyèz.

Tilus Stevenson



Chè demawazèl

M ap mache

San kontwòl

Kou fwomi fou

Pwèl ou

Se sèl

Chan kann

M vle poze

Mendiny JOSEPH (Larime tête Flute)

Si w pase wè m  
Pa prese ale  
Kanpe nan lonbraj mwen  
Raple w premye ti bo nou te fè  
Kò nou te mare yonn ak lòt  
Jiskaske lanmou swente  
Anba 2 grenn je timoun nan lari yo

Jean Verdin Jeudi (Toli)

Ale, ale lwen !  
kite lavi a mennen w kote  
li vle

Pa kite je w bay dlo pou  
souris w pa mouye.

TOLI.

## Lis patisipan an yo

- Christopher Jasmin
- Ganaël Esprit-Saint
- Jean Verdin Jeudi
- Marckenson Mathurin
- Mendiny JOSEPH
- R. Deewoy Desrosiers
- Sapphire Moïse S
- Selmy Accilien
- Tilus Stevenson
- Wadson Arisma
- Witchel Azor